



Subject: Byenveni nan admisyon otòn 2025!

Chè fanmi,

Byenveni nan ane lekòl 2024- 2025 lan! Nou espere ou te pase yon bon ete ak yon kòmansman ane lekòl ki agreyab.

Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment) jere pwosesis admisyon ak enskripsyon pou Lekòl Leta Vil Nouyòk ak pwogram pou klas 3-K rive 12yèm ane. Kontinye li pou jwenn enfòmasyon sou ki pwosesis admisyon pitit ou a ka patisipe ane sa a:

Lekòl Segondè: Elèv ki nan klas 8yèm ane kounye a ak elèv k ap fè klas 9yèm ane pou premye fwa ka aplike. Aplikasyon lekòl segondè a ap ouvri **1 oktòb!** Jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb lekòl segondè a](#).

Lekòl Presegondè: Elèv ki nan klas 5yèm ane kounye a ka aplike. Aplikasyon lekòl presegondè a ap ouvri **9 oktòb!** Bagay ki nouvo ane sa a: **Fanmi ka aplike pou pwogram lekòl presegondè atravè Vil la!** Jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb lekòl presegondè a](#).

Kindergarten: Timoun ki fèt an 2020 ka aplike. Aplikasyon kindergarten lan ap ouvri **10 desanm**. Fanmi gen opsyon tou pou mete pwogram pou elèv ki gen don ak talan (Gifted & Talented, G&T) ak pwogram an de lang (Dual Language, DL) nan aplikasyon yo. Jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb kindergarten lan](#).

3-K ak Pre-K: Timoun ki fèt an 2021 (pre-K) ak timoun ki fèt an 2022 (3-K) pral elijib pou aplike. Toude aplikasyon yo ap ouvri **15 janvyè**. Jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb [pre-K](#) ak [3-K](#) a.

Pwogram pou elèv ki gen don ak talan (Gifted & Talented, G&T) (Klas 1ye-4yèm ane): Aplikasyon pwogram pou elèv ki gen don ak talan (Gifted & Talented, G&T) pou klas 1ye-4yèm ane ap ouvri **21 avril**. Elèv elijib ki nan klas kindergarten, 1^{ye}, 2^{yèm} ak 3^{yèm} ane kounye a ka aplike. Yo detèmine elijiblite dapre nòt ki nan kanè. Jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb G&T a](#).

Rete branche pou plis mizajou pandan n ap apwoche chak peryòd aplikasyon pi pre. Pandan tan sa a, asire w mete non w pou resewva imèl pou pwosesis ki kòrèk la [la a](#). Pi ba a w ap jwenn adrès imèl ou ka kontakte pou jwenn sipò!

- Pou jwenn èd pou admisyon nan lekòl segondè, tanpri voye yon imèl nan HSEnrollment@schools.nyc.gov
- Pou jwenn èd pou admisyon nan lekòl presegondè, tanpri voye yon imèl nan MSEnrollment@schools.nyc.gov
- Pou jwenn èd pou admisyon nan kindergarten, Gifted & Talented, Pre-K & 3-K, tanpri kontakte ESEnrollment@schools.nyc.gov

Ou toujou gen kesyon? Rele nou nan (718) 935-2009. Nou kontan anpil pou ede w ane sa a pandan w ap aplike nan lekòl!



Bòn chans.

Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa nan okenn lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w sou lis la.